

Ayiti: Etazini dwe sispann depòtasyon avèk abi k ap fèt kont Ayisyen yo

Depòtasyon Etazini pou Ayiti, ansanm ak vòl Title 42 yo vyole dwa zimen Ayisyen epi te pwovoke yon ogmantasyon nan kantite Ayisyen ki depòte atravè Amerik yo pandan Ayiti ap kontinye fè fas ak yon kriz dwa zimen ak yon kriz imanitè, jan Amnesty International, the Center for Gender & Refugee Studies, Haitian Bridge Alliance, the Global Justice Clinic at NYU School of Law, Groupe d'Appui aux Rapatriés et Réfugiés (GARR), Refugees International, Rezo Fwontalye Jano Siksè ak Service Jésuite aux Migrants Ayiti rapòte sa.

Nan dokiman kolektif sa a ki pibliye, òganizasyon siyatè yo fè lepwen sou karakteristik fondamantal kriz imanitè ak dwa zimen an Ayiti epi demontre jan Etazini ap vyole obligasyon legal li genyen pou konsidere chak demann azil endividyèlman epi asire yo pa retounen moun nan pèsikasyon ak tòti. Anpil Ayisyen ekspilse yo debake avyon depòtasyon Etazini tou malad, menote, grangou, twomatize, dezoryante pou retwouve yo ap viv yon “kochma imanitè,” ak vyolans gang toupatou, kriz politik vitam etènem apre asasinay Prezidan Ayiti a, Jovenel Moïse, ensekirite alimantè, yon sistèm sante “adedwa pou l kapòte,” devastasyon dènye tranbleman tè a, epi risk Covid-19 nan yon peyi kote yo evalue to vaksen an anviwon 0.4%.

Sou pretèks sante piblik, Etazini fè move izaj lòd Title 42 la toutan pou òkestre ekspilasyon masiv ak bloke Ayisyen ak lòt k ap chache azil. Pratik sa a, Nasyon Zini, ekspè lasante, òganizasyon dwa zimen avèk menm otorite Etazini yo tout kondane sa alawonbadè ki mete moun arisk pou pran Covid-19 epi kontinye kore pi plis toujou santiman rasis, zenofobi ak diskrimasyon nan politik Etazini enplemante sou fwontyè a. Fòs brital ajan sou fwontyè sou cheval yo nan Del Rio, Texas, nan mwa septanm lan, fè kont migran ak demandè dazil Ayisyen, raple eksperyans rasis sistematize ki antre nan politik anplas la atravè tout peyi a.

Òganizasyon yo lanse yon apèl bay gouvènman ameriken an pou yo kanpe touswit tout depòtasyon pou ale Ayiti, ki enkli tou, ekspilasyon Title 42; sispann move tretman diskriminasyon demandè dazil ak migran Ayisyen yo ap sibi a; epi ba yo aksè ak pwosesis azil la kòm sadwa.

**Pou plis enfòmasyon oswa pou pwograme yon entèvyou, kontakte Duncan
Tucker: duncan.tucker@amnesty.org avèk Taisha Saintil:
tsaintil@haitianbridge.org**